

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data saperti nu dipidangkeun dina bab saméméhna, aya sababaraha perkara anu bisa dicindekkeun.

- a. Kalimah singget dina majalah *Manglé* mangrupa kalimah anu umumna wangunna pondok. Jumlahna aya 706 anu frékwénsi makéna aya 208 kalimah.
- b. Kalimah singget kapanggih mibanda genep wanda, nya éta (1) kalimah salam, anu jumlahna aya 2,41( %); (2) kalimah panyeluk, anu jumlahna aya 63,32( %); (3) kalimah panggero, anu jumlahna aya 12,04 (%); (4) kalimah judul, anu jumlahna aya 18,56 (%); (5) kalimah motto, anu jumlahna aya 2,41 (%); jeung (6) kalimah inkripsi, anu jumlahna aya 0,85 (%). Kalimah singget mibanda pola nu tangtu. Kapanggih aya 12 Pola kalimah singget, nya éta (1) A1 : Kal Sal → K; (2) A2 : Kal Sal → (3) A3 : Kal Sal → C + J; (4) B1 : Kal Celuk → J; (5) B2 : Kal Celuk → C + J; (6) C : Kal Gero → Kec Panyeluk; (7) D1 : Kal Jud → J; (8) D2 : Kal Ju → J + U; (9) E1 : Kal Motto → FP; (10) E2 : Kal Motto → FP Kod; (11) E3 : Kal Motto → Fs Kod; (12) F : Kal Ins → FB N + FB Mod.
- c. Kalimah singget katut wandana mibanda harti nu tangtu. Kapanggih aya 10 harti kalimah singget, nya éta (1) rasa sukur, (2) pangwilujeng, (3) panyeluk gaganti jeung ngaran, (4) kanyeri, (5) kakeuheul, (6) tumamprak, (7) kagét, (8) wawaran, (9) papagon, jeung (10) cita-cita.

#### 5.2. Saran

Dumasar kana kacindekan di luhur aya sawatara saran nu perlu ditepikeun, di antarana waé, saperti ieu di handap.

- a. Ieu panalungtikan téh kakara nganalisis tur medar kalimah singget tina médium basa tinulis, nya éta majalah *Manglé*. Masih perlu panalungtikan kalimah singget anu sumber datana lengkep boh médium basa tulis boh

médium basa lisan. Ku kituna, perlu aya panalungtikan séjén anu ngulik kalimah singget anu sumberna médium basa lisan.

- b. Ieu panaungtikan téh sipatna panalungtikan kualitatif data basa nu sipatna murni. Perlu panalungtikan séjén anu sipatna ngalarapkeun hasil panalungtikan kualitatif dina widang atikan, boh di sakola boh di luar sakola. Mudah-mudahan ieu panalungtikan jadi sumber bahan ajar pangajaran basa Sunda di sakola.
- c. Salian ti bisa dimangpaatkeun dina widang pendidikan atawa pangajaran basa Sunda di sakola, ieu hasil panalungtikan ogé malahmandar bisa ngadeudeul kamekaran basa Sunda dina média massa. Jadi bahan pangjembar pangaweruh boh pikeun praktisi jurnalistik (wartawan), boh pikeun para rédaktur média massa basa Sunda.